INNOVATIVE WORLD
Ilmiy tadqiqotlar markazi



TADQIQOTLAR



ILM-FAN



TEXNOLOGIYALAR

# ZAMONAVIY ILM-FAN VA INNOVATSIYALAR NAZARIYASI

## ILMIY-AMALIY KONFERENSIYA

2025

Google Scholar doi zenodo OpenAIRE

Andijan, Uzbekistan +998335668868 https://innoworld.net

# « ZAMONAVIY ILM-FAN VA INNOVATSIYALAR NAZARIYASI » NOMLI ILMIY, MASOFAVIY, ONLAYN KONFERENSIYASI TO'PLAMI

## 2-JILD 4-SON

Konferensiya to'plami va tezislar quyidagi xalqaro ilmiy bazalarda indexlanadi

Google Scholar | doi digital object identifier | ResearchGate | zenodo
ADVANCED SCIENCE INDEX | OpenAIRE | Academic Resource Index ResearchBib | DRJI Directory of Research Journals Indexing

www.innoworld.net

O'ZBEKISTON-2025



Tel:+99833 5668868 | Telegram: @Anvarbek_PhD

# T.QAYÍPBERGENOVTÍŃ «QARAQALPAQ DÁSTANÍ» TRILOGIYASÍNDA ÚY BUYIMI ATAMALARINA BAYLANISLI TARIYXÍY SÓZLERDÍŃ QOLLANÍLÍWÍ

**Malikova Ilmira Nizamovna**
47-sanlı mektep muğallimi.

**Annotaciya.** Xalqımız úy ruwzıgershiligine de óz aldına kewil bólgen. Hárbir xalıqtıń milliyligin kórsetiwshi úy tutınıw buyımları bolğanı sıyaqlı qaraqalpaq xalqınıń ótmishine, kún kórisine baylanıslı úy tutınıw buyımları T.Qayıpbergenovtıń «Qaraqalpaq dástanı» trilogiyası tilinde óz kórinisin tabadı. Úy buyımlarınıń geyparaları kiyim-kenshekler sıyaqlı óz dáwiri ushın xarakterli bolıp, házirgi kúnde qollanıwdan shıǵıp qalǵan.

**Gilt sòzler:** Kerege, uwıq, basqur, úzik, baw-shuw, shaldıwar, alaqshın, dútkesh,ılashıq, otaw, shatır, qos

**a) Úydi, jaydı bildiriwshi tariyxıy sózler.** Mısallar: Olar sál arqaraqtaǵı taw jiyegindegi jırada jartı jaǵı tas, jartı jaǵı aǵashtan islengen *ılashıqta* jasaydı. Hár kúngi ádeti boyınsha Ayımgúl erte turıp, *ılashıqtıń* aynalasın sıpırıp júr eken. Xan gúllán biylerdi qasına jıyıp, Írısqul biydiń *otawı* aldında bir topar bolıp tur edi. Murat shayıqtıń toǵız qanatlı *otawınıń* artqı jup keregesi ashıq. Ekewi de záńgige shirenisip aldındaǵı shoq-shoq qara úyler menen suwın-suwın *qoslarǵa,* olardıń arasında úyme-úy juwırısqan jalańayaq tilenshilerge, hár jerde ekew-úshew bolıp jánjelleskenlerge qaraǵan bolıp, bir qaptallap qızdan kóz almadı. *Qoslardıń* qamısın kótergen tórt bawlı túńliklerdi julqıp jelpildetken dawılǵa qarap, allaǵa nalıs etip turǵan shayıqtıń sállesin dawıl ushırıp túsirdi. Qurılıstıń basına qurılǵan xan *shatırı* misli bir arba degershigi niń gúpshegin, sol *shatırdan* hár jaqqa taraǵan jollar sol gúpshekke qadalǵan kegeylerdi esletti.

Berilgen mısallardaǵı *ılashıq* sózi «ján-jaǵı qorshalıp bastırılǵan shertek, qos» mánisin bildirse, *otaw* sózi «birqansha mallı-hallı, bardamlı, bay adamlardıń jayına baylanıslı aytılǵan». *Qos* sózi «jazda otıratuǵın ıqtırma, jay» mánisinde, al *shatır* sózi shıǵarmada «xannıń otıratuǵın rezidenciyası» mánisinde qollanılǵan.

**b) Úy hám onıń materiallarına baylanıslı tariyxıy sózler.***Kerege* sózi «toǵay taldan hám jińishke qara taldıń qadasınan islengen qara úydiń qaptal bóleginiń bir bólegi» mánisinde qollanıladı. Mısallar: Dmitriy Gladıshev penen Maman kirgizilgen jay eń sulıw jay eken. Onıń temirden kerege kózlengen úlken áyneginen Neva dáryası kórinip turıptı. Ernazar *keregege* asılıp tikeydi.

Úydiń kerege, *uwıqları,* shańaraǵı murınnıń qanınday qızıl, kókleri shiykil sarı, kiyiz *úzikleri* qarday aq, *basqur-baw-shuwları* shılt jańa Amanlıq onı súyep, arqasın ılashıqtıń *shaldıwarına* súyep otırǵızdı. Amanlıq oylı kózleri

menen ılashıqtıń ishiniń tazalıǵına, nart toǵay taldan soǵılǵan *shaldıwardıń* qurımsız, tap búgin shawıp ákelingendey etip juwılǵanına, balalar menen kelse shańǵıtıp jatatuǵın edenniń sıbalǵanına, taza oshaq salınıp, aylanasına *alaqshınlar* qaǵılǵanına júdá kewillilik penen qarap jatırǵan kewil ándiysheleri parasat bermeydi. Onnan tısqarı pátikte *dútkesh* bar, tútin sonnan shıǵadı, bultlı kúnleri gúńgirt, ashıqlıqta kózi úyrengen kisi ishte ne barın erkin kóredi.Ílashıqtıń *dútkeshinen* ara-tura aǵıp ótip turǵan aq bultqa qarap, baladay shóp shaynap jatır.

Mısallardaǵı *uwıq, basqur, úzik, baw-shuw* sózleri de qara úydiń bólekleri bolıp esaplanadı. *Alaqshın* sózi «átashtanniń sırt dógeregine tazalıq ushın (chaynek-kese, átóshkir turadı hám t.b.) arnawlı taxtaydan islengen nárse, átashtan, oshaqtıń jiyegine, ernegine geyde ılaydan, geyde aǵashtan islengen zat» mánisin bildiredi. *Shaldıwar* sózi «úy-jaydıń sırtınan hár túrli zatlar menen islengen úlken qora», *dútkesh* sózi «morıdan sırtqa tútin shıǵatuǵın orın» mánisin ańlatadı.

**PAYDALANÍLǴAN ÁDEBIYATLAR**

1. Абдиназимов Ш.Н. Бердақ дөретпелериниң фонетикасы. Нөкис: Билим, 1994.
2. Абдиназимов Ш.Н. Бердақ ҳәм қарақалпақ әдебий тили. Нөкис: Билим, 1997.
3. Абдиназимов Ш.Н. Бердақ шығармалары тили. Ташкент: Фан, 2006.